

Office of the Chancellor

52 Chambers Street
New York, NY 10007

212 374 0200 tel
212 374 5588 fax

7 septanm 2017

Chè Fanmi:

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) kontan pou anonse apati ane lekòl sa a, kounye a manje midi gratis totalman pou tout elèv nan tout elkòl leta Vil Nouyòk. Manje maten te deja gratis epi kounye a nou pral sèvi tout manje gratis san fanmi pa gen pou peye anyen.

Kounye a l ap pi fasil pou tout elèv manje manje ki nourisan ak fòtifyan nan lekòl. Ou ka wè meni manje nou an nan www.schoolfoodnyc.org.

Nou bezwen èd ou pou nou fè pwogram sa a reyisi. Tout paran, kèlkeswa kantite lajan li touche, dwe ranpli yon Aplikasyon pou manje lekòl (School Meals Form) pou lekòl nou yo ka jwenn lajan federal pou pwogram sa a ak lòt pwogram ankò. Tanpri ranpli fòm lan sou entènèt nan www.myschoolapps.com 29 desanm 2017 pou pi ta. N ap voye tou yon kopi fòm lan lakay ou epi li disponib nan direksyon lekòl ou a.

Si w te deja ajoute lajan nan kont MySchoolBucks ou an pou manje midi pitit ou a ane sa a, oswa si w gen yon rès pou ane avan an, w ap resevwa yon ranbousman. DOE ap ap fè swivi ak enfòmasyon sou kòman pou resevwa ranbousman w lan nan semèn k ap vini yo.

Tanpri ede m gaye nouvèl la. Manje maten ak manje midi gratis pou tout elèv chak jou. Mwen espere pitit ou a ap pwofite avantaj gwo nouvo opòtinite sa a pou vin manje yon repa nourisan avèk nou.

Avèk senserite,



Carmen Fariña
Chanselye